

Kiyès Nou Ye

Ekspè avoka ak asistan jiridik yo nan Greater Boston Legal Services bay **asistans legal gratis nan zafè sivil (ki pa kriminèl) pou fanmi ak moun ki elijib k ap viv nan povrete nan zòn metwopolitèn Greater Boston.** Nou ede moun jwenn nesesite debaz tankouabri, swen sante, asistans lajan kach, manje, ak sekirite kont abi.



Pandan tout pratik legal nou an, GBLS pwoteje dwa moun ki gen andikap, imigran, ak moun ki gen konpetans angle limite.

Pou konnen si GBLS ka ede w, rele liy admisyon nou an nan **(617) 371-1234**, Lendi jiska Vandredi, 9:30 a.m.-12:30 p.m.

Kontakte Nou

Biwo Prensipal
197 Friend Street
Boston, MA 02114

Telefòn
617-371-1234

Apèl Gratis
800-323-3205

**Massachusetts
Relay (TTY)**
711

Fax
617-371-1222

**Biwo Cambridge/
Somerville**
60 Gore Street
Suite 203
Cambridge, MA 02141

Telefòn
617-603-2700

Sitwèb
www.gbls.org

Facebook & Twitter/X
[@BostonLegalAid](https://www.facebook.com/BostonLegalAid)

GREATER BOSTON
LEGAL SERVICES



Asitans Legal Gratis

www.gbls.org

GREATER BOSTON
LEGAL SERVICES

Ki moun nou ede ak Ki sa nou fè

GBLS ede moun ki gen pwoblèm legal tankou egzanp annapre yo. Pou konnen si GBLS ka ede w, rele liy admisyon nou an nan (617) 371-1234.

Moun ki gen pwoblèm lojman

Nou anpeche degèpisman enjis ak pèt sibvansyon pou lojman; nou prezève lojman abòdab pou lokatè ki gen revni ba; nou ede fanmi yo jwenn plas nanabri Asistans Ijans (EA).

Moun ki bezwen swen sante oswa konpansasyon pou andikap

Nou pledwaye nan Medicare ak MassHealth; nou ede moun ki jwenn refi pou SSI/SSDI; nou defann timoun ki gen andikap ak bezwen sante mantal; nou pwoteje rezidan mezon retrèt yo

Travayè ki gen salè ba

Nou konteste refi Asirans Chomaj (UI); nou goumen kont vòl salè; nou ka ede w jwenn konje fanmi ak medikal peye; konje maladi; nou aplike pou viza U ak T ak aksyon difere pou imigran ki te viktim yon krim nan travay yo ak trafik moun

Konsomatè

Nou ede moun ki gen pwoblèm lajan, tankou kat kredi ak lòt dèt, sezi fayit, epi lè yo pran lajan enjis nan chèk salè yo.

Sivivan Vyolans Domestik

Nou ede sivivan vyolans domestik chape anba relasyon abizif epi kòmanse yon nouvo lavi ak pitit yo.

Granmoun Aje

Nou ede granmoun aje jwenn swen sante ak tretman medikal ki sove lavi yo; nou ede granmoun ki abite nan lojman ki baze sou revni rete lakay yo.

Elèv Lekòl Piblik

Nou ede elèv ki konparèt nan odyans sispansyon ak ekspilsyon nan lekòl la, ak lòt pwoblèm sekirite nan lekòl, tankou entimidasyon, anviwònman lekòl ostil, ak diskriminasyon; epi nou angaje nan pledwaye pou edikasyon espesyal

Sèvis sa yo se sèlman pou elèv ki abite nan Arlington, Boston, Cambridge, Somerville, Winchester, & Woburn, epi ki nan yon lekòl piblik charter oswa Metco.

Imigran

Nou chèche sekou imigrasyon imanité pou moun k ap chèche azil, ki viktim krim, ki sivivan vyolans domestik, timoun ki pa akonpaye yo, ak lòt imigran k ap chèche pwoteksyon.

Moun k ap aplike pou asistans gouvènman

Nou ede moun jwenn sipò lajan kach TAFDC ak EAEDC, ak sipò manje SNAP, nan men Depatman Asistans Tranzisyon (Department of Transitional Assistance - DTA), ak sipò pou okipe timoun.

Kontribiyab ki gen revni ba

Nou rezoud pwoblèm taks, ki gen ladan pwoblèm ak kredi taks ak lòt ranbousman, odit, vòl idantite ki gen rapò ak taks, enkapasite pou peye taks ou dwe, dèt taks ki soti nan yon mari oswa madanm abizif, move klasifikasyon travayè, èd ak avi IRS/DOR, jwenn nimewo idantifikasyon kontribiyab endividyèl yo (ITIN), epi nou reprezante moun nan Tribinal pou taks

Moun ki gen dosye kriminèl


Nou sele epi efase dosye kriminèl yo epi nou angaje pou refòm legal kriminèl ak jivenil atravè pwojè CORI & Re-entry GBLS yo.

Sant Kominotè Azyatik

Nou bay asistans legal, resous, ak defans nan non imigran Azyatik ak gwoup kominotè pou pwoblèm imigrasyon, dwa travayè, konpansasyon, ak deplasman nan lojman.

**E PLIS TOUJOU! KONTAKTE NOU POU PLIS ENFÒMASYON:
(617) 371-1234**

Kote kliyan nou yo rete



GBLS ede moun ki abite nan vil ak vilaj sa yo:

Acton*	Harvard*	Randolph
Arlington	Hingham	Reading*
Bedford*	Holbrook	Revere
Belmont	Hull	Scituate
Boston	Lexington*	Somerville
Boxborough*	Lincoln*	Stoneham
Braintree	Littleton*	Stow*
Brookline	Malden	Wakefield
Burlington*	Maynard*	Waltham
Cambridge	Medford	Watertown
Canton	Melrose	Weymouth
Carlisle*	Milton	Wilmington*
Chelsea	Newton	Winchester
Cohasset	North Reading*	Winthrop
Concord*	Norwell	Woburn
Everett	Quincy	

* Sèvis pou granmoun (ki gen plis pase 60 an) sèlman.